

"Lajeng?"
"Istirahat,
penggalibhe kedah
saget sameleh, kadhah
istirahat. Cobi manawa
bada resep?"

"Nggih, Bu. Won-
dhawuh, Bu. Men-
nembe reresik kel-
wingking griya."
griya.

diusir "Padha mbayare
a oleh, wong ya iki isih
fase mung mesem.
leres bu, nanging
malih rombongan
ampun pesen rawuh.
gi sampun wonten
n," Pramusaji nuduhake
tas ing dhuwur meja.
pramusaji batin, "Mebu
kok ora no
a ing restor
jaluk ngapi
erok, karo
nggon, saja.
mau panggonane pas
go foto. Sesawangane
i nyawang endahing
gga ing wayah sore.
aton mewah. Lampu
nantung ing plafon

dhafar menu.

"Teh manis panas wae. Mas, aku kepingin ngombe dhisik. Mengo wae pesen maeme," Lina nyauri alon. Batine, "Wah... nek aku mangan neng kene sida seminggu ora blanja tenan." Lina mau wis deleng dhafar rega menu. Setengah kajet ning wis kadhuhan.

dipeksa foto ana ing ngarep mobil
uwong pas kebeneran njupuk
raport neng sekolahane anake.
Bergaya kaya-kaya mobil kuwi
duweke. Terus diunggah ana ing
status Wane. Tujakna sing ndelok
statuse ora ana sing kenal karo
sing kagungan mobil. Tau uga tuku
perhiasan imitasi sing bisa diedol
maneh, dienggo ngrembaka.

Tangise Lina saya ndadi nganti

Lina cepet-cepet ngombe tehe, terus ngawe pramusaji.
"Pira Mas, aku kesusu kudu nemoni uwong neng liya panggonan, dadi ora sido macem." Lina alesen sok sibuk.

apa sampeyan getun omah-omah karo aku sing ora bisa nuruti kekarepanmu urip mabyor?". Lina njublak laget.

LIVEWORKSHEETS

Lembar Kerja Peserta Didik

Ancasipun Pasinaon

Peserta didik mampu menguraikan pengertian peranan teks cerkak dengan tepat.

Peserta didik mampu menganalisis peranan teks cerkak secara logis dengan tepat.

Pitedah Pasinaon

1. Kadamela kelompok ingkang anggotanipun 5 utawi 6 per kelompok.
2. Kagatosna andharan saking guru bab peranan cerkak.
3. Kawaosa sedaya andharan materi wonten LKPD punika kanthi premati.
4. Kawangsulana pitakenan-pitakenan ingkang sampun kasamptakaken kanthi patitis.
5. Para siswa pirembagan kaliyan kanca sakelompok kangge mangsuli pitakenan.
6. Kangge mangsuli pitakenan dipunparingi wekdal 15 menit.
7. Menawi wonten tembung ingkang awrat kangge dipunmangertosi, saged pados tegesipun wonten ing sastra.org/leksikon.
8. Menawi wonten pitakenan, saged nyuwun pirsu dhumateng guru.
9. Satunggal kelompok anggenipun ngempalaken cekap satunggal kemawon ananging sedaya anggota kelompok kedah paring pamanggih.
10. Anggenipun mangsuli sasaged-saged ngginakaken basa Jawi ragam krama.
11. Sampun kesupen nyerat nama jangkep, nomer presensi, kelas, kaliyan tanggalipun.
12. Menawi sampun cekap, LKPD punika saged dipunaturaken dhateng guru utawi di-submit.

Fase 1. Orientasi Masalah

Pemantik

- Punapa para siswa sampun nate maos cerkak? Menawi sampun, cerkak punapa ingkang nate dipunwaos?
- Kados pundi raosipun para siswa nalika maos cerkak? Seneng? Sedhih? Perangan punapa ingkang dadosaken para siswa ngraosaken seneng utawi sedhih punika?

Pretest

Kangge mangertosi kemampuan siswa tumrap materi peranan cerkak saderengipun pasinaon, sumangga saged mangsuli pitakenan-pitakenan wonten *link* utawi *barcode* ing ngandhap.

<https://quizizz.com/join?gc=77743585>

Peta Konsep



Fase 2. Organisasi Peserta Didik

Materi Faktual

Tuladha Cerkak ing Majalah Djaka Lodang



Materi Konseptual Perangan Cerkak

Orientasi

Ancasipun ngandharaken *informasi* wigatos ingkang jumbuh utawi gayut kaliyan cariyos candhakipun, saged awujud gegambaran wekdal, panggenan, suraos, utawi paraga.

Titikan

Ukara-ukaranipun nggambaraken latar (wekdal, papan, suraos) utawi paraga, saged saking andharan asmanipun, padamelanipun, kahanan, utawi blegeripun.

Tuladha

Gaweane mung buruh tani, kanthi gaji ngisor standar UMK. Uripe kepara mung pas-pasan. Paribasane mung cukup kanggo mangan, lawuh tahu tempe. Omah tinggalan wong tuwane katon banget prasaja, prasat wis mataun-taun ora kambon cet.

Minangka kulawarka Gakin, ing satengahing urip bebrayan ing kampung ndesa, Lik Gino asring ora dianggep dening tangga teparo. Biyasa ta, ing jaman sing sarwa materialistik iki, pangurmatan mung kanggo wong sing nduweni pangkat lan banda donya.

Komplikasi

Minangka undering cariyos, ancasipun ngandharaken utawi nyariosaken tuwuh lan reruweting prakawis (konflik) ingkang dipunadhepi dening paraga cariyos.

Titikan

Andharan tuwuhipun prakawis ingkang dipunlampahi utawi dipuntindakaken paraga, nggambaraken tindak-tanduking utawi pamanggihipun paraga, kathah dialogipun.

Tuladha

Sanadyan urip lan drajate wis kepenak, nanging ana siji sing durung paripurna. Lik Gino durung bisa mantu. Durung bisa ngomah-omahke Surti lan Sarti. Piye arep mantu, wong Surti lan Sarti kuwi durung duwe calon bojo.

Resolusi

Ngandharaken bilih prekawis sekedhik mbaka sekedhik saged dipunlampahi dumugi cekaping cariyos. Tahap resolusi ugi saged nyariyosaken lampahing paraga nemokake cara kangge ngrampungaken prakawis. Ananging boten sedaya, wonten ugi tahap resolusi ingkang wekasanipun boten cetha. Pramila resolusi wonten 2 jenis, resolusi *tertutup* kaliyan resolusi *terbuka*.

Titikan

Nggambaraken paraga nalika ngrampungaken prakawis utawi raosipun paraga sabibaripun prakawis rampung utawi sabibaripun tumindak.

Tuladha Resolusi Terbuka

“Iki lho Pak calonku. Iki calon bojoku,” ujare Surti. Ora let sedhela Sarti uga ngenalke calon bojone sing uga wong wedok ayu sijine. Lik Gino kaget sanalika weruh kahanan kuwi. “Dadi? Dadi kowe ...?” Lik Gino ora bisa mbacutake tembung. Panyawange semrepet. Donya dadi peteng dhedhet. Awake nuli nggeblak ing jubin.

Tuladha Resolusi Tertutup

“Coba yen cah-cah kae bisa ngerti kaya kang takweruhi, mesthi bae padha kapok munggah gunung, anane jim tumrapping kancaku pancen gaib.” Batine Gimán karo lambene komat-kamit muji Asmaning Gusti ora leren-leren, muga-muga danyange kono ora nggiri goda. Pedhut wiwit saya kandel tumurun saka puncaking arga, kahanan saya peteng, atis. Gimán lan kanca-kancane mbacutke nggone mlaku.

Fase 3. Penyelidikan

Individu/Kelompok

No. Kelompok:

Kelas:

Tanggal:

Nama Anggota:

No. Presensi:

Gladhen

Pitedah Gladhen

Waosen pethikan cerkak ingkang sampun dipunacak punika lajeng wangsulana pitakenan-pitakenan ing ngandhap kanthi pirembagan kaliyan kanca sakelompok. Wekdalipun 15 menit.

1. Kaseratna pangertosan saking saben perangan cerkak!
2. Susunen pethikan cerkak ing ngandhap punika kanthi runtut!
3. Analisis peranganipun cerkak punika!
4. Kaandharna pawadan utawi titikanipun!

Pocong Mbonceng Gojek

Pethikan A

Pancen dalam kang ndronjong, menggok, ana kreteg cilik kaya kang dikandhakake dening tukang gojek kasebut ing sisih lore ana kuburan jeneng Candi Mulya. Sakeplasan menawa kang durung tau liwat, ora ngerti menawa iku kuburan. Jalaran kepageran tembok dhuwur, ana regole saka stainless sarta lampune padhang ing wayah wengi.

Senadyan katone padhang lan resik, merga ing kuburan Candi Mulya wis ora ana cungkup-cungkupe cilik. Kejaba cungkup siji gedhe kang njerone isi kuburan kulawargane Mbah Lurah. Kang jare rikala semana dheweke kang wakafke lemahe kanggo kuburan kasebut. Nanging kuburan Candi Mulya, kanggo saweneh sadulur kiwa tengen kono pancen klebu angker medeni. Satemah ana warga kang ora wani liwat dalam kono sabubare wayah surup.

Pethikan B

Jalaran ora sethithik warga kang tau diweruhi pocong, wewe ngore rambut, thuyul, wong ngadeg nganggo klambi putih lagi kurmat. Kayadene bakul sate ayam Madura, kang banjur ora wani liwat sawise surup merga tau dipethukake pocongan. Kepara ana tukang gojek, dipeseni penumpang kanthi titik ana kono. Nanging jebul ora ana wonge kang pesen. Kejaba iku uga kerep kaprungu suwarane wong nangis nggriyeng sesambat sabubare ana pemakaman. Nanging uga ana kang tau padha ngganda wangi banget, sabubare ana pemakaman. Kepara menawa bakal ana jenazah kang dikubur, bengine sok kaprungu suwara kayadene lemah kang njeblug. Percaya orane mangga.

Pethikan C

“We lha kok ngertos, yen diboncengi,” pitakone Abah setengah rada wedi.

“Sanjange sasampunipun ngliwati kreteg alit. Ten boncengan kraos awrat. Lajeng dipun tingali saking spion. Jebul wonten pocongan sing mbonceng, ndilalah piyambake klebet kendel. Dados boten dhawah senadyan nggih kaget. Pocongan lajeng ical sasampunipun ketingal saking kaca spion.” Piterange tukang gojek kasebut.

“Griya panggenan kula saderenge mergi penggokan kok, Pak.” Kandhane Abah.

“O nggih menawi mekaten. Dados boten ngantos ngliwati dalan ingkang diliwati kanca kula niku nggih.”

“Boten,” wangsulane Abah karo mudhun saka boncengan merga wis tekan ngarep omahe.

Sawise dibayar. Tukang gojek mbalik. Abah mlaku tumuju omahe, kang ana platarane amba. Ngliwati plataran amba kasebut, dheweke krasa prindang-prinding dadi thukul rasa wedi krungu critane tukang gojek kasebut.

Pethikan D

Anggone methuk uga kadhangkala nganggo mobil utawa motor. Dene yen ora ana kang methuk, banjur numpak gojek utawa grab. Biasane tekane ngomah ing Bantul, wis wengi watara jam sewelasan mungghah. Dadi dalan-dalan wiwit sepi.

Kaya nalika mulih dina Jumat bengi watara sesasi kepungkur. Abah mulih saka Cilacap, tekan setasiun Lempuyangan, Yogya wis wengi. Dilalah kakangne lan bapakne ora bisa methuk nalika ditilpun, merga ana kegiatan liya. Mula dheweke banjur numpak gojek.

Gojek mlaku manut *map* saka *google*, menyang omahe ing Bantul kang adohe watara 15 Km. Kala-kala tukang gojoke ya takon dalane, wis bener apa durung. Sawise metu saka dalan ring road iring kidul. Nalika tekan Tugu Lilin, banjur menggok nengen dalane rada mungghah. Tukang gojoke kandha.

“Mas, niki mangke ngliwati sekolahan nggih.”

“Nggih, lha priapun ta,” semau Abah.

“We lha, kanca kula wingi dereng dangu. Dalu-dalu sepi. Nalika wangsul saking ngantar penumpang ngliwati dalan sing ndronjong, sasampune sekolahan, wonten kreteg alit lajeng menggok. Diboncengi pocongan je, Mas!”

Pethikan E

Prunanku lanang daksebut wae jenenge Abah. Umure watara pitulikur taun, dedeg piyadege gedhe dhuwur, nyambut gawe ana salah sijine BUMN kang saiki ditugasake ana Cilacap. Sadurunge tugas ana Cilacap, ditugasake ana salah sijine kutha ing Kalimantan. Nalika tugas ana ing Kalimantan, anggone mulih menawa antuk cuti dawa utawa preinan dawa.

Dadi setaun paling akeh mulih ana papan laire ing Bantul, kaping pisan utawa pindho. Bareng tugas ana Cilacap, meh saben minggu utawa Jumat sore bisa mulih ana Bantul. Banjur dina Minggu bengi mangkat maneh menyang Cilacap. Dadi ana omah bisa nganti rong dina. Kena diarani nglaju mingguan.

Saka Yogya menyang Cilacap utawa suwalike, saka Cilacap menyang Yogya tansah milih numpak sepur. Kejaba luwih murah, jam mangkate mesthi pas uga kepenak ana ing perjalanan. Dadi bisa kanggo ngaso. Saka setasiun, kadhangkala dipethuk kakangne utawa bapakne menawa padha ora ana barengan kegiatan liya.

Fase 4. Mengembangkan dan Menyajikan Hasil Karya

Wangsulan

Pangertosan peranan orientasi:

Pangertosan peranan komplikasi:

Pangertosan peranan resolusi:

Susunan cerkak ingkang runtut:

Pethikan ingkang kalebet peranan ORIENTASI:

Pawadanipun:

Pethikan ingkang kalebet peranan KOMPLIKASI:

Pawadanipun:

Pethikan ingkang kalebet peranan RESOLUSI:

Pawadanipun:

Sumangga salah satunggaling siswa saged maosaken asiling pirembagan ing ngajeng kelas

Fase 5. Analisis dan Evaluasi Proses Pemecahan Masalah

Post Test & Refleksi

Ing pamulangan dinten punika, para siswa sampun nyinaoni babagan perangan cerkak. Kangge ngukur kados pundi anggenipun para siswa nyinaoni materi punika, sumangga dipungarap *post-test* saking *link* utawi *barcode* ing ngandhap punika.

<https://quizizz.com/join?gc=86682635>



Kapustakan

- Ardiyani, Sekti. 2023. "Mogok Angkot". Djaka Lodang. No. 43. Hlm. 28-29.
- Dawam. 2022. "Kerogen". Djaka Lodang. No. 22. Hlm. 28.
- Hartono, Sri. 2013. Cerkak: Crita Cekak. Yogyakarta: Familia.
- Kuntari, Umi. 2013. "Kembang Krisan Putih". Cerkak: Crita Cekak. Hlm. 23-35.
- MGMP Bahasa Jawa SMA/SMK/MA D.I.Yogyakarta. 2020 (Revisi). WIBAWA: Wiyata Basa Jawa untuk Kelas XI. Yogyakarta: Dinas Pendidikan, Pemuda, dan Olahraga D.I. Yogyakarta.
- Nug. 2023. "Pocong Mbonceng Gojek". Djaka Lodang. No. 41. Hlm. 18-19.
- Nurdiyantoro, Burhan. 2018. Teori Pengkajian Fiksi. Yogyakarta: UGM Press.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. Baoesastra Djawa. Groningen-Batavia: J.B. Wolters.
- Priharsono, Erdy. 2013. "Anak Wedok". Cerkak: Crita Cekak. Hlm. 1-6.

